



Pou Piblikasyon Imedya: 29/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN EVALYASYON ANVIWÒNMANTAL AN DEBI 2024 POU PWOJÈ KENSINGTON EXPRESSWAY LA**

*Yo prevwa inogirasyon pwojè nan Lès Buffalo nan fen 2024*

*Evalyasyon anviwònmantal la deja sou pye epi li pral fini nan mwens pase dezan*

*Yo lanse nouvo [sit entènèt](#) jodi a kòm yon pati nan pwosesis angajman piblik kontinyèl la*

*De reyinyon eksplorasyon piblik pral fèt 30 jen nan Buffalo Museum of Science*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yon evalyasyon anviwonmantal pou pwojè Kensington Expressway la sou pye epi li pral fini nan kòmansman ane 2024, sa ki pral ouvri pòt pou yon inogirasyon ofisyèl nan fen ane sa a. Yo ap lanse yon [nouvo sit entènèt](#) avan [de reyinyon eksplorasyon piblik](#) k ap fèt nan Buffalo Museum of Science (Mize Syans Buffalo) 30 jen.

"Ak East Buffalo ak tout Nouyòkè yo ki toujou sou chòk anba atak teworis ki te fèt nan Tops Supermarket mwa pase a, mwen konsantre sou amelyorasyon kominote sa a kounye a ak alavni", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè Kensington Expressway la reprezante yon opòtinite istorik pou korije yon mal nan tan pase lè li reyini kominote yo, kreye travay, ak deklanche kwasans ekonomik atravè rejyon an — sa k ap ede bati yon avni ki pi briyan pou East Buffalo."

Anons jodi a bati sou angajman Gouvènè Hochul te pran pou l ranfòse East Buffalo apre atak laterè sipremasis blan mwa pase a nan Tops Supermarket. Nan dat 18 jen, Gouvènè a te vizite East Buffalo pou [anonse](#) 50 milyon dola nan envèstisman sible kòm yon pati nan efò kontinyèl eta a pou abòde bezwen imedya East Buffalo, ke li te rele "yon twòkèt anvan chay ki gen pou vini an."

Expressway Kensington lan ki te konstui pandan ane 1950 ak 1960 yo, te ranplase sa ki te yon gran boulva twa vwa — Parkway istorik Humboldt la te desinen pa Frederick Law Olmsted — ak yon otowout anba tè ki te koupe koneksyon ant katye ki ozanviwon yo. Ak jiska 1 milya dola Gouvènè Hochul mete sou kote pou pwojè ki pote transfòmasyon

sa a nan East Buffalo, katye a ki te mal divize pa konstriksyon orijinal Kensington Expressway la, yon lòt fwa ankò pral reyini.

Nan kad prosesis angajman piblik kontinyèl, yo te lanse yon [nouvo sit entènèt](#) pou bay enfòmasyon sou opsyon pwojè Kensington Expressway yo. Sitwèb la pral an dirèk anvan de sesyon eksploratwa piblik yo k ap fèt 30 jen soti 11 a.m. rive 2 p.m. ak apati 5 p.m. jiska 8 p.m. nan Buffalo Museum of Science. Sesyon eksploratwa yo pral bay manm kominote yo yon opòtinite pou yo aprann sou divès opsyon y ap konsidere pou pwojè a, ki gen ladan de opsyon NYSDOT kwè pi byen reprezante fondasyon pou restorasyon yon otowout anivo ki ta retabli peyizaj orijinal Humboldt Parkway la ki fèt pa Olmstead.

Opinyon nou te resevwa nan sesyon sa yo ak nan lòt opòtinite patisipasyon ki enplike piblik la ki pral fèt pandan verifikasyon anviwònmantral la pral ede enfòmè pwosesis priz desizyon NYSDOT la. Depatman Transpò Eta a pral konsidere kòmantè yo te resevwa nan sesyon eksploratwa yo ak pandan peryòd kòmantè eksploratwa 30 jou ki vin apre a epi reponn ak kòmantè enpòtan yo nan Rapò Eksploratwa Pwojè a ki pral fini nan fen ete sa a. Travay an patenarya ak Federal Highway Administration, Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation, NYSDOT) la ap fè avanse pwosesis revizyon anviwònmantral la pou pwojè sa a atravè yon evalyasyon anviwònmantral ki pral bati sou plizyè ane sansibilizasyon piblik pa NYSDOT ak konvèsasyon ak lidè lokal yo sou fason pou pi byen korije mal nan tan pase yo an pou katye nan East Buffalo yo.

Kounye a NYSDOT ap evalye opòtinite pou kreye nouvo espas piblik ouvè, amelyore sekirite pou bisiklèt ak pyeton, epi adrese bri ak polisyon lè a kòm yon pati nan pwosesis anviwònmantral la. Depatman an ap evalye tou amelyorasyon nan wout lokal yo pou fasilite operasyon an sekirite machin nan katye ki rekonekte yo. Limit pwojè yo genyen ladan yo limit lès East Ferry Street ak limit lwès nan Best Street. Kensington Expressway la transpòte apeprè 80,000 machin chak jou.

**Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare,** "Angajman Gouvènè Hochul pran nan pwojè odasye ak transfòmatif sa a pou rekonekte ak amelyore East Buffalo pa gen parèy. Pandan n ap kontinye ak pwosesis anviwonmantral sa a, mwen ankouraje rezidan East Buffalo yo pou yo sèvi ak nouvo sitwèb la ak nouvo sesyon enfòmatif yo epi kontinye ba nou kòmantè yo, pou nou kapab retabli bote ansyen Humboldt Parkway la epi inifye katye a fizikman."

Plan kapital sou senk ane, 32.8 milya dola, istorik Depatman Transpò Gouvènè Hochul la ke yo te adopte nan kad Bidjè Ane Fiskal 2023 a gen ladan jiska 1 milya dola pou rekonekte katye lès-lwès yo atravè seksyon deprime koridò Kensington Expressway lan nan East Buffalo epi re-etabli espas vèt la ke Humboldt Parkway te bay nan kòmansman san yo pa konpwomèt kapasite alontèm lyen transpò rejyonal enpòtan Otowout la te founi.

An total, plan kapital Depatman Transpò a gen ladan prèske 3 milya dola pou pwojè enfrastrikti ki fè pwomosyon ekite, konektivite ak opòtinite transpò milti-modal pou kominote atravè Eta New York yo. Anplis pwojè Kensington Expressway nan East Buffalo a, pwojè sa yo enkli rekonstriksyon Bruckner-Sheridan Interchange nan Hunts Point nan Bronx, sa k ap konvèti Inner Loop Freeway ki egziste deja a an yon boulva kominotè nan Rochester, konstriksyon rezo kominotè I-81 nan Syracuse, epi kouvri kèk pati nan Cross-Bronx Expressway nan Bronx.

**Senatè Charles E. Schumer te deklare,** "Buffalo, pare paske New York ak otorite federal yo ap akselere revitalizasyon Kensington Expressway pou rekonekte kominote yo epi korije plizyè ane mank investisman yo, ak travay ki prevwa kòmanse kounye a pli vit ke posib an 2024! Li esansyèl pou evalyasyon anviwònman la fèt konplè epi adrese tout enkyetid kominote a pou asire siksè pwojè sa a, epi mwen pral fè presyon sou otorite federal yo pou yo rete sou bon chemen an pou Rejyon Lwès New York kapab rete sou liy rapid pou transfòmasyon transpò sa a. Yon fwa sa rive, travay yo ka kòmanse fèt menm jan ak fon federal yo ke mwen te goumen anpil pou garanti nan Lwa sou Enfrastrikti bilateral la ak kote tankou Kensington ak WNY nan lespri nou pou ede trase wout la pou yon avni bryan ki pi ekitab pou tout Buffalo a."

**Senatè Kirsten Gillibrand te deklare,** "Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak administrasyon li an paske yo te kòmanse ak akselere evalyasyon anviwonmantal ki nesèsè pou reimajine Kensington Expressway la. Sa a se premye etap pou korije enjistis istorik sa a epi adrese bezwen East Buffalo. Mwen devwe pou m travay avèk Gouvènè Hochul pou m kontinye investi nan katye ki pi bezwen li yo."

**Reprezantan Brian Higgins te deklare,** "Konstriksyon Kensington Expressway te gen yon enpak prejdis sou East Buffalo, sa ki te divize katye ki te fèt pou konekte pa sistèm Olmsted Parkway la. Lidèchip Gouvènè Hochul pral pèmèt nou korije mal istorik sa a. Evalyasyon anviwònman an ak pwosesis angajman piblik la, se yon etap enpòtan nan direksyon pou avanse yon plan ki reyini katye yo epi ki adrese bezwen kominote nou an."

**Senatè Eta a, Sean Ryan te deklare,** "Kèk ane kap vini yo pral pote pwogrè enpòtan pou Vil Buffalo. Apre plizyè deseni domaj ki pèsistan sou kominote yo ke Kensington Expressway ak Scajaquada Expressway te divize, finalman n ap pran mezi pou defèt sa ki te sikatris peyizaj nou an epi detwi vizyon Frederick Law Olmsted. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl li anvè Buffalo ak Rejyon Lwès New York, epi mwen pa ka tann etap enpòtan alavni yo nan pwojè sa a."

**Prezidan Transpò Sena Eta a, Tim Kennedy, te deklare,** "Lè Lidè Majorite Asanble a Peoples-Stokes, Manm Kongrè Higgins, Majistra Buffalo Brown ak mwen te mete tèt ansanm ak manm ROCC yo pou mande yon etid anviwonmantal rapid sou Kensington Expressway, Gouvènè Kathy Hochul te koute nou. Jodi a, li menm ak DOT ap respekte pwomès sa a pou bay pwojè ki pote transfòmasyon sa a priyorite ki pral korije enjistis ki divize kominote nou an pandan plizyè deseni. Lè nou konte sou kòmantè kominote a

pou fè plan sa a avanse pi devan, epi fikse yon objektif pou inogirasyon an, nou a yon etap pi pre retabli bon jan kalite lavi nan katye ki ozalantou yo."

**Lidè Majorite nan Asanble a Crystal Peoples-Stokes te deklare,** "Re-konsevwa ak kouvri Route 33 a se yon opòtinite inik pou rezoud domaj jenerasyonèl Otowout Kensington lan te fè a lè li te dechire katye Martin Luther King ak Hamlin Park yo. Otowout sa yo te koupe ak deranje depi lontan kominote nou yo ak espas lwazi nou yo. Restore kominote sa yo se yon kesyon jistis rasyal, kalite lavi, sante anviwònman, ak devlopman kominotè. Priyoreze envestisman nan rekonsepsyon Route 33 a pral ede korije enjistis sa yo yon fason konsiderab epi li ta yon etap enpòtan nan direksyon pou reyini fyè katye yo nan vil nou an epi geri blesi ki gen plizyè dizèn ane yo."

**Majistra Byron W. Brown te deklare,** "Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Depatman Transpò Eta Nouyòk la paske yo akselere pwosesis la pou fè rekonsepsyon Kensington Expressway la avanse pou pi devan. Pwojè sa a pral pèmèt Vil Buffalo pwofite resous federal, eta ak lokal yo pou amelyore lojman ak devlopman ti biznis yo nan kominote Nwa Buffalo a."

**Egzekitif Konte Erie Mark Poloncarz te deklare,** "Angajman finansman ak resous Gouvènè Hochul sa a pral kontinye pwosesis pou retabli pak la ak rekonekte kominote a. Sa a se yon pwojè ki nesèsè anpil ki pral evantyèlman korije yon mal nan tan pase a ki te divize tout yon katye an mwaye. Restorasyon yon randone panoramik pral ede sèvi kòm baz pou devlopman rezidansyèl ak komèsyal alavni."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418